



NeMutungamiri Thomas S. Monson

Mira muNzvimbo Tsvene

Kutaurirana naBaba vedu Vokudenga—kusanganisira minamoto yedu kwaVari nefemero Yavo kwatiri—kunodikanwa kuitira kuti tikunde matambudziko nezviedzo zveupenyu.

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, tanzwa mashoko akanaka zvikuru magwanani ano, uye ndinokudza mumwe nemumwe atora chinhanho. Tinonyanya kufara kuva naGosa Robert D. Hales nesu zvakare uye varikunzwa zvirinani. Tinokuda, Bob.

Apo pandaifungisisa nezvandaيدا kuzotaura kwamuri magwanani ano, ndakanzwa kufemerwa kuti ndigovere dzimwe pfungwa nemanzwiwo izvo zvandinofunga kuti zvakakosha zvikuru uye kuti ino ndiyo nguva kwayo yokuzvita. Ndinonamata kuti ndingatungamirirwa muma-shoko angu.

Ndararama panyika pano kwe-makore makumi masere nemana iyezvino. Kutu ndikupei nzwisiso diki, ndakazvarwa gore rimwechetero iro Charles Lindbergh raakabhururutsa ndege yokutanga kubhururutsa nemunhu mumwechete asingamiri munzira kubva kuNew York kuenda

kuParis iri ndege yaiva neinjini imwechete uye yaiva nechigaro chimwechete. Zvizhinji zvakashanduka mumakore makumi masere nemana kubvira ipapo. Vanhu vakasoenda kumwedzi nokudzoka. Chokwadi ndechekuti, ngano dzesaenzi dzanezuro dzava chokwadi nhasi. Uye chokwadi ichocho, rutendo kutekinoroji yenguva yedu, chiri kuchinja nokukurumidza zvokuti tinotambura kufambirana nacho—ndokunge takwanisa. Kuna avo vedu vanorangarira runhare rwekudhaira uye matapureta aiva asingashandisi magetsi, tekinoroji yanhasi inopfuura zvokunguva inoshamisira.

Uyewo chimwe chiri kushanduka nokukurumidza kukuru hunhu hwevanhu munyika. Maitiro ayo aimbonekwa seasina kufanira uye asina hunhu iyezvino haasi arikungobvumidzwa chete asiwo ari kuonekwa nevanhu vakawanda zvikuru sechinhu chinotambirwa.

Chinguva chidiki chakapfuura ndakaverenga mu *Wall Street Journal* chinyorwa chakanyorwa naJana-than Sacks, mutungamiriri mukuru wechitendero chevaJudah muBritain. Pakati pezvimwe zvinhu, akanyora kuti “Muvazhinji vevagari vemunyika dzose dzokuMadokero mumakore emunana1960 makava nekushanduka kwehunhu, kusiiwa kwetsika yekare yose yokuzvidzora. Chaunoda chete, vakaimba maBeatles, rudo. Hunhu hweChitendero chevaJudah hwakaraswa. Munzvimbo yahwo makauya [chirevo]: *[Ita] chipi nechipi zvacho chinokushandira*. Mirairo ineGumi yakanyorwa zvakare seMazano Gumi Akafungwa Zvineunyanzvi.”

Mutungamiri wevaJudah Sacks anoenderera nerondedzero inokushungurudzika:

“Tangatichishandisa hupfumi hwehunhu hwedu zvisana nomwero wese sokushandisa kwatakanga tichiita hupfumi hwemari dzedu. . . .

“Kune nzvimbo huru [dzenyika] uko chitendero chinotorwa sechinhu chakare uye hakuna inzwi rinopokana netsika yekuti, chitenge, chishandise, chipfeke, chitaridze norudado, nokuti unozvikodzera. “Shoko ririki kupiwa nderekuti zvehunhu ndezvekare, kuva nehana yakanaka ndekwembwende, uye murairo mumwechete unokunda mimwe yese ndewekuti ‘Usabatwa.’”¹

Mabhuratha nemasisita angu, izvi—ndine urombo kuti—zvinotsanangura huzhinji hwenyika yakaiomberedza. Tosvina maoko edu here mukupererwa nokushama kuti tichazorarama sei munyika makadararo? Kwete. Pachokwadi, muupenyu

hwedu tine vhangeri raJesu Kristu, uye tinoziva kuti hunhu hausi chinhu chakare, kuti hana yedu iripo kuti-tungamira, uye kuti tinozvidavirira pazviito zvedu.

Kunyangwe zvazvo nyika yashanduka, mirau yaMwari inoramba iri mimwecheteyo, haizoshanduki. Haina kushanduka; haizoshanduki. Mirairo inegumi iri zvairi izvozvo—mirairo. *Haisi* mazano. Inodikanwa nhasi zvakazara sekudikanwa kwayayitwa apo Mwari pavakaipa kuvana veIsra-eri. Kana chete tikateerera, tinonzwa maungira enzwi raMwari, vachitaura nesu pano iyezvino.

“Usava navamwe vamwari kunze kwangu.

“Usazviitira mufananidzo wakavezwa. . . .

Usareva zita raJehova Mwari wako pasina. . . .

“Rangarira zuva resabata, kuti uri chengete riri dzvene. . . .

“Kudza baba vako namai vako. . . .

“Usauraya.

“Usaita upombwe.

“Usaba.

“Usapupurira wokwako nhema. . . .

“Usachiva.”²

Mwero wamaitiro edu wakamiswa zvokupedzisira; uye haushandurwi. Hauwanikwi chete muMirairo ine Gumi asiwo muMharidzo yepa-Gomo, iyo yakapuwa kwatiri neMuponesi apo paAifamba pasi pano. Unowanikwa nemudzidziso Dzake dzese. Unowanikwa mumashoko ezvakazarurwa zvemazuva ano.

Baba vedu Vokudenga vamweche-tevo nezuro, nhasi, nokusingaperi. Muporofita Mormoni anotiudza kuti Mwari “havashanduki kubva kusingaperi kose kusvika kusingaperi kose.”³ Munyika muno umo zvinhu zvose zvinotaridzika kuva zviri kushanduka, kusashanduka Kwavo chimwe chinhu chatinokwanisa kuvimba nacho, musimboti uyo watinokwanisa kubatirira pauri zvakasimba uye tigodzivirirwa, kuti tisayeredzwa tichiiswa kumvura dzisingazikwanwi dzinenjodzi.

Zvingangoratidzika kwauri pane

dzimwe nguva kuti avo vari munyika vari kunakidzwa kupinda zvauri kuita iwe. Vamwe venyu mungangonzwa semurikudzivirirwa kuita zvakawanda nemwero wemaitiro uyo isu tiri muChechi watinotevedzera zvakanwana. Mabhuratha nemasisita angu, ndinotaura pachena kwamuri, zvisinei, kuti *hakuna* chimwe chinokwanisa kuunza rufaro rwakawedzera muupenyu hwenyu kana runyararo rwakawedzera kumweya yedu kupinda Mweya uyo unokwanisaku-uya kwatiri apo tinotevera Muponesi nokuchengeta mirairo. Mweya haukwanisi kuvapo parudzi rwezviitwa izvo ruzhinjisa rwenyika runotoro zvinhanho mazviri. Muporofita Pauro akaparidza chokwadi: “Zvino munhu sezvaakaberekwa haagamuchiri zvinhu zvoMweya waMwari: nokuti vupenzi kwaari: haazvinzwisisi, nokuti zvinonzwisiswa nomweya.”⁴ Chirevo *munhu sezvaakaberekwa* chinokwanisa kureva upi zvake wedu kana tikazvibvumira kuva vakadaro.

Tinofanira kuchenjerera zvakasimba munyika iyo yasudurukira kure kure kubva pane zvomweya. Zvakakosha kuti tirambe chinhu chose chisingaenderani nemwero wehunhu hwedu, mukudaro tichiramba kukundikana pane izvo zvatinyanya kuda: upenyu hwekusingaperi muumambo hwaMwari. Matambudziko nezvinetso zvinoramba zvichigogodza pamikova yedu nguva nenguva, nokuti zvikamu zvatisingakwanisi kutiza zveugari hwedu muupenyu huno hwepanyika. Isu, zvisinei, tinozova nekwaniso iri nani yokusangana nazvo, kudzidza kubva kwazviri, uye kuzvikunda kana tiine vhangeri sechikamu chinokoshesesa chedu uye tiine rudo rweMuponesi mumwoyo yedu. Muporofita Isaya akaparidza, “Basa rokururama richava rugare; zvibereko zvokururama zvichava kunyarara nokutenda nokusingaperi.”⁵

Senzira yokuva *mu* munyika asi tisingave *ve* munyika, zvino-dikanwa kuti titaurirane naBaba vedu Vokudenga kuburikidza

nemunamato. Vanoda kuti tidaro; Vanozopindura minamoto yedu. Muponesi akatiyambira zvakasimba, sokunyorwa kwazakaitwa mu 3 Nifai 18, “munofanira kutarisa nokunamata kuti musapinde mukuedzwa; nokuti Satani anoda kukutorai. . . .

“Naizvozvo munofanira kunamata nguva dzose kuna Baba muzita rangu;

“Uyezve chose zvacho chamuchakumbira Baba muzita rangu, chakurarama, muchitenda kuti muchagamuchira, tarisai chichapiwa kwamuri.”⁶

Ndakawana uchapupu hwangu hwesimba romunamato apo pandakanga ndine makore angaita gumi nemaviri okuberekwa. Ndakanga ndashanda nesimba kuti nditambire mari uye ndakanga ndakwanisa kuchengetedza madhora mashanu. Iyi yakanga iri nguva yeKunetseka KukurukweZvemari muNyika, apo madhora mashanu aiva mari yakawanda zvikuru—kunyanza kumukomanana wemakore gumi nemaviri. Ndakapa mari yendarama yangu yose, iyo yaisvika madhora mashanu, kuna baba vangu, uye mukuchinjana ivo vakandipa madhora mashanu epepa. Ndinoziva kuti pane chimwe chinhu chandakanga ndaronga kutenga nemadhora mashanu iwayo, kunyangwe zvazvo mushure memakore ese aya ndisisayeuki kuti chaiva chii. Ndinoyeuka chete makoshero akanga akaita mari yoyo kwandiri.

Panguva iyoyo, takanga tisina mushini wokuwachisa mbatya, saka amai vangu vhiki yega yega vaiondesa mbatya dzedu dzaida kuwachwa kunzvimbo yaiwachwa mbatya nemishini. Mushure memazuva maviri, murwi wembatya dzakawachwa uyo wataidaidza kuti “washeni nyoro” waidzoswa kwatiri, uye amai vaiyanika mbatya idzi pawaya kuti dziome.

Ndakanga ndaisa madhora mashanu angu epepa mumbudu yebhurugwa rangu rejini. Sekufembera kwamungangoita, bhurugwa rangu iri rakaendeswa kunzvimbo yaiwachwa mbatya nemari ichiri mumbudu. Pandakazoziva zvakananga zvaitika,

ndakarwara norushushikano. Ndaiziva kuti mbudu dzaitariswa mukati mbatya dzisati dzawachwa. Kana mari yangu yaisawanikwa panguva yokutariswa kwembudu ikatorwa ipapo, ndaiziva kuti chokwadi chaizvo mari iyi yaizobuda mumbudu pakuwacha uye yaizotorwa nemuwachi wembatya uyo aisazoziva kuti yaifanira kudzorera kunaani, kunyangwe aizova nechido chokudaro. Rombo rokuwana madhora mashanu angu rakanga ririkure chaizvo—chokwadi icho amai vangu vanodiwa chavakasimbisa apo pandakavaudza kuti ndakanga ndasiya mari mumbudu yangu.

Ndaida mari iyoyo; ndaifanira kuva nemari iyoyo; ndakanga ndashanda zvakasimba zvikuru kuti nditambire mari iyoyo. Ndakaona kuti paiva nechinhu chimwechete chandaikwanisa kuita. Mukutambudzika kwangu kukuru ndakatendeukira kuna Baba vangu vari Kudenga uye ndikaVate-terera kuti Vachengete mari yangu yakachengetedzeka mumbudu iya neimwe nzira kusvikira washeni nyoro yedu yadzoka.

Mushure memazuva maviri akareba zvikuru, apo pandakaziva kuti nguva inouya motokari yaiunza mbatya dzedu yakanga yaswederera, ndakagara pedyo nehwindo ndakamirira. Apo motokari payaisvika pamba, hana yangu yairova chaizvo. Mbatya nyoro padzakangopinza mumba, ndakatora bhurugwa rangu nokukurumidza ndikamhanya kuenta mumupanda wangu wokurara. Ndakatsvaga mumbudu neruoko rwaidera. Pandakatadza kuwana chinhu pakarepo, ndakafunga kuti ndakanga ndarasikirwa chaizvo. Zvino ndokubva zvigunwe zvangu zvakabata pepa remadhora mashanu iro rakanga ririnyoro. Apo pandairiburitsa kubva mumbudu, kugadzika kwakazara nomuviri wangu wose. Ndakapa munamoto wekuenta nemwoyo wangu wose kuna Baba vangu vari Kudenga, nokuti ndaiziva kuti Vakanga vapindura munamoto wangu.

Kubva panguva iyoyo kare kare, ndakava neminamoto isingavere-geki yakapindurwa. Hakuna zuva rakapfuura randisina kutaurirana naBaba vangu vari Kudenga kuburikidza nemunamoto. Hukama hwandinokoshesesa—uhwo hwo-kuti ndaizorasika zvechokwadi chaizvo dai ndisinahwo. Kana usina hukama hwakadaro naBaba vako vari Kudenga, ndinokukurudzira kuti ushande wakanangana chinangwa ichocho. Apo paunodaro, unozokodzera femero nenhungamiro Yavo muupenyu hwako—zvidikanwi zve-mumwe nemumwe wedu kuti tikwanise kurarama pamweya panguva yekugara kwedu pano pasi. Femero nenhungamiro yakadaro zvipo zvaVanonongopa kana tikazvitsvaga. Zvinova hupfumi hwakadii!

Nguva dzose ndinoninipiswa uye ndinotenda apo Baba vangu Vokudenga pavanotaura neni kuburikidza nefemero Yavo. Ndakadzidza kuiziva, kuvimba nayo, uye kuitevedzera. Nguva nenguva zvakare ndakava mutambiri wefemero yakadaro. Chimwe chiitiko chaiva chizere nezvishamiso chakatora nzvimbo muna Nyamavhuvhu wa1987 panguva yekutsaurwa kweTemberu yeFrankfurt Germany. Mutungamiri Ezra Taft Benson vakanga vainesu pazuva rokutanga kana maviri okutsaurwa kwetemberu asi vakanga vadzokera kumusha, saka wakava mukana wangu wekutungamirira misangano yakanga yasara.

Musi weMugovera takava nemusangano wenhengo dzedu dzechidutch avo vakanga vari mudunhu reTemberu yeFrankfurt. Ndainyatsozivana nemumwe wevatungamiri vedu vakanaka zvikuru vaibva kuNetherlands, Bhuratha Peter Mourik. Nguva diki diki musangano usati watanga, ndakava nefemero yakasimba kuti Bhuratha Mourik vaifanira kudeedzwa kuti vataure kunhengo dzechidutch panguva yemusnagano uye kuti, pachokwadi, vaifanira kuva mutauri wokutanga. Sezvo ndakanga ndisina kuvaona mutemberi

magwanani iwayo, ndakapa chitsamba kuna Gosa Carlos E. Asay, Mutungamiri weNharaundera wedu, ndichibvunza kana Peter Mourik aka-inge arimo mumusangano. Chinguva chidiki diki ndisati ndasumuka kuti ndivhure musangano, ndakatambira mhinduro kubva kunaGosa Asay vachaiti Bhuratha Mourik vakanga vasiri mumusangano, kuti vakanga varikutora chinhanho munezvimwe kumwewo, uye kuti vaironga kupinda musangano wekutsaura mutemberi pazuva raitevera nemasiteki evari mumawuto.

Apo pandakanga ndakamira papodhiyamu kuti nditambire vanhu nokutsanangura chirongwa chemusangano, ndakatambira zvakare imwe femero yaiva pachena chaizvo kuti ndaifanira kuzivisa Peter Mourik semutauri wekutanga. Izvi zvaipikisana nemanzwiwo angu ose, nokuti ndakanga ndichangonzwa kubva kunaGosa Asay kuti Bhuratha Mourik chaizvo vakanga vasiri mutemberi. Ndichivimba nefemero iyi, zvisinei, ndakazivisa kuimba kwaizoita kwaya uye munamoto zvino ndikataura kuti mutauri wedu wokutanga aizova Bhuratha Peter Mourik.

Apo pandaidzokera kuchigaro changu ndakatarisa kwaiva naGosa Asay; ndikaona pachiso pavo kuratidzika kwekuvhunduka kukuru. Vakazondiudza pashure kuti pandakazivisa Bhuratha Mourik semutauri wekutanga, havana kubvuma zvavanzwa. Vakati vaiziva kuti ndakanga ndatambira chitsamba chavo uye kuti chokwadi ndakanga ndachivere-nga, uye havana kunzwisisa kuti sei zvino ndaizozivisa Bhurutha Mourik semutauri wekutanga, ndichiziva kuti vakanga vasiri mutemberi zvachose.

Panguva izvi zvose pazvaitika, Peter Mourik akanga ari mumusangano kumahofisi enharaunda muPorthstrasse. Apo musangano uyu pawaienderera mberi, pakarepo akatendeukira kuna Gosa Thomas A. Hawkes Jr., avo panguva iyoyo vakanga vari mumiriri wedunhu, uye akabvunza, “Munokwanisa

kundisvitsa kutemberi nokukurumi-dza zvakadii?”

Fosa Hawkes, avo vaizikanwa mukuchaira vachimhanya chaizvo mumotokari yavo diki yemasipotsi, vakapindura, “Ndinokwanisa kuku-svitsako mumaminetsi gumi! Asi sei uchifanira kuenda kutemberi?”

Bhuratha Mourik vakabvuma kuti vakanga vasingazivi kuti sei vaifanira kuenda kutemberi asi kuti vaiziva kuti vaifanirwa kusvikako. Vaviri ava vakasimuka voenda kutemberi pakare ipapo.

Munguva yerumbo rwaiimbwa nekwaya zvakanakisisa, ndakatarisa tarisa, ndichifunga kuti nenguva isipi ndaizoon Peter Mourik. Handina. Chaishamisa, zvisinei, ndechokuti handina kunzwa kuvhunduka. Ndakava nevimbiso yaitapira, isingarambiki yokuti zvoise zvaizova zvakanaka.

Bhuratha Mourik vakapinda pamukova wemberi kwetemberi apo munamato wekuvhura pawakanga woguma, vachiri kusaziva kuti sei vakanga varipo. Apo vaifamba nokukurumidza vachidzika nemupaseji, vakaona mufananidzo wangu pasikirini uye vakanzwa ndichizivisa, “Zvino tichanzwa kubva kuna Bhuratha Peter Mourik.”

Mukushamiswa kwaGosa Asay,

Peter Mourik ipapo akabva apinda mumupanda uye akatora nzvimbo yake papodhiyamu.

Mushure memusangano, Bhuratha Mourik neni takakurukura izvo zvakanga zvatora nzvimbo vasti vatora mukana wavo wokutaura. Ndakafungisisa nezve femero iyo yakauya musi iwoyo kwete kwandiri chete asiwo kuna Peter Mourik. Chhitiko chinoshamisa ichi chakapa kwandiri uchapupu husingarambwi hwekukosha kwekuva wakakodzera kutambira femero yakadaro nokuzovimba nayo—uye nokuitevera—apo painouya. Ndinoziva zvisina mubvunzo kuti Ishe vaida kuti avo vakanga varipo pamusangano iwoyo wekutsaurwa kweTemberu yeFrankfurt vanzwe uchapupu hwakasimba, hunobata mwoyo hwemuranda Wavo Bhuratha Peter Mouriki.

Mabhuratha nemasisita angu, kutaurirana naBaba vedu vari Kudenga—zvichisanganisira minamoto yedu kwaVari nefemero Yavo kwatiri—kunodikanwa kuitira kuti tikwanise kukunda matambudziko nezviedzo zvoupenyu. Ishe vanotikoka, “Swederai pedyo neni uye ini ndichaswederai pedyo nemi; nditsvakei nokushingaira uye muchandiwana.”⁷ Apo patinotia kudaro, tinozonzwa Mweya Wavo muupenyu

hwedu, uchitipa chido neushingi hwekumira zvakasimba uye tisingasuduriki muururami—ku “mira. . .munzvimbo tsvene, uye usingabviswe.”⁸

Apo mhengo dzeshanduko padzinovhuvhuta nepatiri uye hunhu hwevanhu pahunoramba huchiparara pamberi pamaziso edu chaipo, ngatirangarirei vimbiso yakakosha yaIshe kuna avo vanovimba maVari: “Usatya, nokuti ndinewe; usavhunduka; nokuti ndiri Mwari wako: ndichakusimbisa, zvirokwa-zvo, ndichakubatsira; zvirokwa-zvo, ndichakutsigira noruvoko rwangu rworudyi rwokururama.”⁹

Ivimbiso yakadii! Iyi ngaive ropafadzo yenyu, ndinonamata muchokwadi nemuzita rinoera rashi neMuponesi wedu, Jesu Kristu, ameni.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Jonathan Sacks, “Reversing the Decay of London Undone,” *Wall Street Journal*, Nyamavhuvhu. 20, 2011, online.wsj.com; simbisiso yakawedzera. *Chiziviso*: Tenzi Sacks mutungamiri mukuru we United Hebrew Congregations of the Commonwealth.
2. Eksodo 20:3–4, 7–8, 12–17.
3. Moroni 8:18.
4. 1 Vakorinte 2:14.
5. Isaya 32:17.
6. 3 Nifai 18:18–20.
7. Dzidziso neZvibvumirano 88:63.
8. Dzidziso neZvibvumirano 87:8
9. Isaya 41:10.

Dzidziso dzeNguva Yedu

Dzidziso dzeHufundisi hwaMerkizedeki nedze Chita choRubatsiro paSvondo yechina dzichamisirwa ku”Dzidziso dzeNguva Yedu” Chidzidzo chega chega chinokwanisa kugadzirirwa kubva kunhaurwa imwechete kana kupfuura idzo dzakapuya mumusangano mukuru uchangopfuura (ona chati iri pazasi). Vatungamiri vesiteki nevedunhu vangangokwanisa kusarudza nhaurwa dzinofanira kushandiswa, kana kuti vangangopa basa iri kumabhisopi nevatungamiri vebazi. Vatungamiri vanofanira kusimbisa kukosha kwazvakaita kuti mabhuratha eHufundisi hwaMerkizedeki nemasitsita eChita choRubatsiro vadzidze nhaurwa dzimwechetedzo pamisi yeSvondo mimwecheteyo.

Avo vanopinda zvidzidzo zveSvondo yechina vanokurudzirwa kudzidza uye kuuya kukirasi nemagazini remusangano mukuru uchangopfuura.

Mazano eKugadzirira Chidzidzo kubva muNhaurwa

Namata kuti Mweya Mutsvene uzova newe apo paunodzidza

nekudzidzisa nhaurwa (iyi/idzi). Ungangonzwa kuda kugadzirira chidzidzo uchishandisa zvimwe zvinyorwa, asi nhaurwa dzemusangano ndizvo zvidzidzo zvinobvumidzwa. Basa rako nderokubatsira vamwe kudzidza nokurarama vhangeri sekudzidziswa kwarakaitwa mumusangano mukuru weChechi unenge uchangopfuura.

Wongorora nhaurwa (iyi/idzi), uchitsvaka misimbote nedzidziso zvinozadzikisa zvidikanwi zvenhengo dzekirasi. Tsvakawo nyaya, ndima dzakatapwa kubva mumagwaro matsvene, nezvirevo kubva munhaurwa zvinozokubatsira kudzidzisa chokwadi ichi.

Nyora tsananguro inoratidza madzidzisiro achaitwa misimbote nedzidziso. Tsananguro yako inofanira kusanganisira mibvunzo inobatsira nhengo dzekirasi:

- Tsvaka misimbote nedzidziso munhaurwa (iyi/idzi).
- Funga pamusoro pezvazvinoreva.
- Govera nzwisiso, mazano, zviitiko, nezvapupu.
- Shandisa misimbote iyi nedzidziso idzi muupenyu hwavo.

| MWEDZI INODZIDZISWA ZVIDZIDZO | ZVINYORWA ZVOKUSHANDISA MUCHIDZIDZO CHESVONDO YECHINA |
|-------------------------------|---|
| Mbudzi 2011 –Kubvumbi 2012 | Nhaurwa dzakashambadzwa mu <i>Liahona</i> yaMbudzi 2011 * |
| Kubvumbi 2012–Gumiguru 2012 | Nhaurwa dzakashambadzwa mu <i>Liahona</i> yaKubvumbi 2012 * |

*Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda pa conference.lds.org.



NaMutungamiri Dieter F. Uchtdorf
Mutungamiri weChipiri Muhutungamiri Hwokutanga

Unokosha kwaVari

Ishe vanoshandisa chikero chakasiyana zvikuru nechenyika kupima kukosha kwemweya wemunhu.

Mosei, mumwe wevaporofita vakurusa vati vamboonekwa nenyika, akarerwa nemwanasikana waFarao uye akapedza makore makumi mana eupenyu hwake ari mudzimba dzeumambo dzeEjipita. Aiziva nokuzvionera mukurumbira noukuru hweumambo hwakare uhwu.

Pashure pemakore akawanda, pamusoro pegomo raiva kure nerunako nokubwinya kweEjipita yaiva nesimba, Mosesi akamira pamberi paMwari akataura kwaVari akatarisana naVo sezvinoita munhu achitaura neshamwari yake.¹Panguva yokushanyirwa ikoko, Mwari Vakataridza Mosesi unyanzvi hwemaoko Avo, vachimubvumira kuona basa ravo nokubwinya Kwavo. Apo chiratidzo pachakaguma, Mosesi akawira pasi kwemaawa akawanda. Apo simba rake parakazodzoka, akaziva chimwe chinhu icho, mumakore ake ose mudare raFarao, chakanga chisina kumbouya kwaari.

“Ndava kuziva” akadaro, “kuti munhu hachisi chinhu.”²

Takaderera Kupinda Zvatinofunga

Nokudzidza kwatinoita zvimwe zvakawanda pamusoro pepasi

nedenga, tinonzwisisa zvirinani—nemuchikamu chidiki zvacho—izvo zvaizivikanwa naMosesi. Pasi nedenga zvakakura chaizvo, hazvitsananguriki, uye zvinoshamisa zvokuti hazvinzwiswi nepfungwa dzemunhu. “Nyika dzisingaverengeki ndakadzisika,” Mwari vakaudza Mosesi.³ Zvishamiso zvedenga reusiku uchapupu hwakanakisisa hwechokwadi ichocho.

Kune zvinhu zvishoma zvakandizadza nerushamiso rukuru sokuchairi ndege murima reusiku ndichipfuura makungwa nenyika uye ndichitarisa kunze nepahwinda rekunogara muchairi wendege kukubwinya kusingaperi kwemamiriyoni enyeredzi.

Vadzidzi vesaenzi dzezviri mudeंगा vakaedza kuverenga huwandu hwenyeredzi dziri mudenga. Rimwe boka revadzidzi vesaenzi rinofungidzira kuti uwandu hwenyeredzi dzinoonekwa nemuteresikopu hunopfuura zvinopetwa kagumi huwandu hwemhunze dzeivhu riri mumahombekombe emakungwa ese emunyika neriri mumarenje emunyika ose.⁴

Mhedzisiro yakasvikwa pairi iyi yakafanana zvikuru nechirevo

chemuporofita wakare Enoki: “Dai zvaitika kuti munhu averenge mhunze dzevhu, hongu, mamiriyoni enyika dzakawanda akadai, hakwaive kutanga kwekuverenga zvamakasika.”⁵

Nokuwanda kwakaita zvisikwa zvaMwari, hazvishamisi kuti Mambo mukuru Benjamini akaraira vanhu vake “muyeuke, mugare muchiziva, hukuru hwaMwari, nokusava chinhu kwenyu.”⁶

Takakura Kupinda Zvatinofungira

Asi kunyangwe zvazvo munhu asiri chinhu, zvinondizadza neshamiso nerukudzo rukuru kufunga kuti “kukosha kwemweya kukuru muma-ziso aMwari.”⁷

Uye apo tingangotarisa kuhukuru hwepasi nedenga uye toti, “Munhu chii mukuenzaniswa nekubwinya kwekusika?” Mwari paChavo Vakati tiri chikonzero chaVakasikira pasi nedenga! Basa Ravo nokubwinya Kwavo—chinangwa chepasi nedenga zvakanakisisa izvi—ndechokuponesa nokusimudzira kumusoro-soro vanhu⁸Nemamwe manzwi, hukuru hwekusingaperi, runako nezvisinganzwiswi zvenzvimbo nenguva zvisingagumi zvose zvakavakirwa chimuko chevanhu vamazuvaose vanofa vakaita sewe neni. Baba vedu Vokudenga vakasika pasi nedenga kuitira kuti tigovika pakwaniso yedu sevanakomana nevanasikana Vavo.

Ichi ndicho chirevo chinotaura zvinopikisana pamusoro pemunhu asi chiri chechokwadi: mukuenzaniswa naMwari, munhu haasi chinhu; asi tiri zvinhu zvose kuna Mwari. Kunyangwe zvazvo apo patinoenzaniswa nehukuru husina mugumo

hwekusika tingangotaridzika kuva tisiri chinhu, tine ruvaimo rwemoto wokusingaperi unopfuta muchipfuva chedu. Tine vimbiso isingakwanisi kunzwisiswa yekusimudzirwa kumuro soro soro—nyika dzisina mugumo—izvo zvatinokwanisa kuwana. Uye chido chikuru chaMwari chokutibatsira kuzviwana.

Upenzi hweRudado

Munyengeri mukuru anoziva kuti chimwe chezvombo zvake zvinoshanda zvikurusa mukutungamira vana vaMwari kukurasika ndechokushandisa pfungwa dzinopikisana pakati pechakanaka nechakaipa kukangaidza vanhu. Kuna vamwe, anoshandisa maitiro avo erudado, achivatutumadza nokuvakurudzira kuti vatende mumanyepo ekuzvikoshesa nokufunga kuti vanemasimba asingakundwi. Anovaudza kuti varinani zvinopfuura vamwe vose uye kuti nokuda kwekwaniso, kodzero dzokuzvarwa kwavo kana chinzvombo chavo mavagere, vanotsaurwa kubva kumwero wamazuva ose wezvole zvakavatenderedza. Anovatungamirira kusvika pakufunga kuti naizvozvo havafaniri kuteerera kumirairo yaani zvake uye kuti havafaniri kuita hanya nematambudziko evamwe vanhu.

Abraham Lincoln anonzi aida detembo rinoti:

*Ko sei mweya wevanhu vanofa
uchifanira kudada?
Senyeredzi inodonha, gore rino-
mhanya nomuchadenga,
Kupenya kwemheni, kuguma
kwemasaisai,
Munhu anopfuura nomuupenyu
kuenda kuzororo rake
muguva.⁹*

Vadzidzi vaJesu Kristu vanonzwisisa kuti zvichienzaniswa nekusingaperi, ugari hwedu munyika inofa ino “chinguva chidiki diki” chete munzvombo nenguva.¹⁰ Vanoziva kuti kukosha kwechokwadi kwemunhu kune zvisomanana zvokuita neizvo zvinokosheswa nenyika. Vanoziva

kuti unokwanisa kuunganidzwa mari yakawanikwa yepanyika pose uye haizotengi rofu rechingwa muchitoro chokudenga.

Avo vanozi “wana umambo hwaMwari”¹¹ ndeavo vanova “somwana, anozviisa pasi, anozvinipisa, munyoro, ane mwoyo murefu, akazara norudo.”¹² “Nokuti mumwe nomumwe unozvikudza uchaninipiswa; nomumwe nomumwe unozvinipisa uchakudzwa.”¹³ Vadzidzi vakadaro vanonzwisiswa “kuti kana muri mukushandira vamwe venyu munenge muri mukushandira Mwari wenyu.”¹⁴

Hatina Kukanganikwa

Imwe nzira Satani yaanonyengere nayo kuburikidza nokuwodzamoyo. Anoedza kuti titarisise pakusakosha kwehu pachedu kusvikira tatanga kushaya chokwadi pakuti tinokodzera chinhu. Anotiudza kuti takadupuka zvokuti hapana anotona, uye kuti takakanganikwa—kunyanya naMwari.

Regai ndikugoverei chimwe chiiitiko chakaitika kwandiri icho chingangobatsira avo vanonzwa kusakosha, kukanganikwa, kana kuva vari voga.

Makore mazhinji akapfuura ndakapinda chikoro chokudzidziswa kuchaira ndege muMauto eMudenga eUnited States. Ndaiva kure zvikuru nekumusha kwangu, musoja mudiki wekuWest Germany, akazvarirwa kuCzechoslovakia, uyo akanga akurira muEast Germany uye aitaura Chirungu chete nokutambura kukura. Ndinonyatsa kuyeuka rwendo rwangu rwokuenda kunzvombo yokudzidzira yedu muTexas. Ndakanga ndiri mundege, ndakagara pedyo nemumwe mufambi aitaura nemutauriro wakadzama wevanobva kuMaodza nyemba. Ndakanga ndisinganzwisisi zvachose zvaaitaura. Chokwadi ndakatanga kufunga kuti pamwe ndakanga ndadzidziswa rurimi rusirirwo nguva yose yakanga yapfuura. Ndaivhundutswa zvikuru nepfungwa yokuti ndaifanira kukwikwidzanira nzvimbo dzepamusoro dzaidikanwa

mukudzidza kuchaira ndege nevadzidzi vaiva vatauri veChirungu kubva pakuzvarwa.

Pandakasvika pabhesi rokudzidzira mudhorobha diki reBig Spring, Texas, ndakatsvika ndikwana bazi raVatendi Vamazuva Ekupedzisira, iro raiva nenhengo dzakanaka chizvo dzaiva chitsama uye dzaisanganira mumipanda yarendwa pabhesi chaipo. Nhengo idzi dzaiva munzira yokuvaka imba yokusanganira diki iyo yaizoshanda senzvimbo yeChechi zvachose. Mumazuva iwayo nhengo ndidzo dzaivaka zvivako zvitva.

Zuva rega rega ndaipinda dzidziso dzangu dzekuchaira ndege nokuverenga zvakasimba pamakwanisiro angu ose uye zvino ndaizopedza nguva zhinji yangu yokutandara ndichishanda paimba yokusanganira itsva iyi. Ikoko ndakadzidza kuti mbiri-ne-ina harisi danho rokudzana asi kuti chitanda chakavezwa. Ndakadzidzawo unyanzvi hunokosha hwekusarova zigunwe ziguru rangu apo pandainge ndichirovera chipikiri.

Ndakapedza nguva yakareba ndichishanda paimba yokusanganira iyi zvokuti mutungamiri webazi—uyo aivawo mumwe wevadzidzisi vezvokuchaira ndenge—akandiudza kune tsekana kwake kuti pamwe ndaifanira kupedza nguva yakawanda ndichiverenga zvedzidzo dzangu.

Shamwari dzangu nevamwe vanda-idzidza navo kuchaira ndege vaitora zvinhanho muzviitwa zveguva yokutandara, kunyange ndichifunga kuti hazvina kuipa kutaura kuti zvimwe zvezviitwa izvozvo hazvaizoenderana nemwero uri muchibhuku chanhasi che *For the Strength of Youth*. Ini hangu, ndaifadzwa nokuva chikamu chakasimba chechibazi chidiki ichi chaiva kumadokero kweTexas, ndichinatsidzira unyanzvi hwezvokuveza hwandakanga ndichangwana, uye ndichanatsa matauriro angu eChirungu apo pandaizadzikisa daidzo yangu yokudzidzisa muchikwata chemagosa nemuChikoro cheSvondo.

Panguva iyoyo, Big Spring, zvisinei nezita rayo, yaiva nzvimbo diki, isina

kukosha, uye isngazikanwi. Uye ini kazhinji ndainzwa zvimwechete-zvo pamusoro pangu—kusakosha, kusazikanwa, uye kusurikirwa chaizvo. Kunyangwe zvaiva zvakadaro, handina kana kamwechete kumbofunga kana Ishe vainge vandikanganwa kana kuti Vaizombokwanisa kundiwana munzvimbo iyoyo. Ndaiziva kuti zvakanga zvisina mhosva kuna Baba Vokudenga kuti ndaiva kupi, kana nzvimbo yandaipuwa pane vamwe mukirasi yangu yekudzidza kuchaira ndege, kana kuti daidzo yangu yaiva iri ipi muChechi. Zvaiva zvakakosha kwavari zvaiva zvokuti ndakanga ndichiita napose pandaikwanisa, kuti mwoyo wangu wakanga wakarererera kwaVari, uye kuti ndaiva nechido chokubatsira avo vakandikomberedza. Ndaiziva kuti kana ndikaita napose pandaikwanisa, zvose zvaizova zvakanaka.

Uye zvose zvakava zvakanaka.¹⁵

Vokupedzisira Vachava Vokutanga

Ishe havana hanya zvachose kuti tinopedza mazuva edu tichishanda mumahofisi akavakwa nematombo akakwenenzverwa anovaima kana mumatanga ezvipfuwo. Vanoziva kwatiri, zvisinei nokuti mamiriro ezvinhu edu akaderera zvakadii. Vanozoshandisa—nenzira Yavo pachavo uye kuitira chinangwa Chavo chitsvene—avo vanorererera mwoyo yavo kwaVari.

Mwari vanoziva kuti vamwe vevanhu vakurusa vakararama ndeavo vasingambofi vakabuda muronde-dzero dzezvinyorwa zvenhoroondol Vanhu vakaropofadzwa, vanozvinipisa avo vanotevedzera muenzaniso weMuponesi uye vanopedza mazuva eupenyu hwavo vachiita zvakanaka.¹⁶

Murume nemukadzi vakadaro, vabereki veshamwari yangu, avo vari muenzaniso wemusimbotti uyu kwandiri. Murume wacho aishanda kufakitori yesimbi muUtah. Panguva yekudya kwemasikati aibudisa magwaro matsvene ake kana magazini reChechi overenga. Apo vamwe vashandi pavaiona izvi, vaimuseka

uye vaipikisana nechitendero chake. Apo pese pavaidaro, aitura navo nemwoyo chena neruvimbo. Haana kubvumira kushaya ruku-dzo kwavo kuti kumushatirise kana kumugumbura.

Mushure memakore akawanda mumwe wevainyanya kumunyomba akarwara chaizvo. Asati afa, akakumbira kuti murume aizvinipisa uyu ataure parufu rwake—izvo zvaakaita.

Nhengo yakatendeka iyi yeChechi yakanga isina zvakananda maererano nechinzvimbo muvanhu kana upfumi, asi simba rake reshanduro raipinda zvakadzama muna vose vaimuziva. Akafa munjodzi yekubasa apo paakamira kubatsira mumwe mushandi akanga anyura mudutu remazaya echando.

Mushure megore shirikadzi yake yakaitwa opareshini yemuurozvi, iyo yakamusiya asisagone kufamba. Asi vanhu vanoda chaizvo kuenda kunomushanyira nokuti anoteerera. Anoyeuka. Ane hanya. Nokuda kwokuti haakwanisi kunyora, anodzidza nomusoro nhamba dzerunhare dzevana nevazukuru vake. Norudo anoyeuka mazuva okuzvarwa neemaanivhesari.

Avo vanomushanyira vanodzoka vava kunzwa zvirinani pamusoro peupenyu uye pamusoro pavo pachavo. Vanonzwa rudo rwake. Vanoziva kuti ane hanya. Haambofi akagununa asi anopedza mazuva ake achiropafadza upenyu hwevamwe. Mumwe weshamwari dzake akati mudzimai uyu aiva mumwe wevanhu vashoma vaaiziva vari muenzaniso wechokwadi werudo noupenyu hwaJesu Kristu.

Murume nemukadzi ava vanga-dai varivo vokutanga kutaura kuti vakanga vasiri vakakosha zvikuru munyika muno. Asi Ishe vanoshandisa chikero chakasiyana zvikuru kubva kune chenye mukupima kukosha kwemweya. Vanoziva murume nemukadzi vakatendeka ava, Vanovada. Zviito zvavo uchapupu upenyu hwerutendo rwavo rwakasimba maVari.

Unokosha kwaVari

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, zvingangova chokwadi kuti munhu haasi chinhu mukuenzwaniswa nehukuru hwepasi nedenga. Panedzimwe nguva tingangokwanisa kunyangwe kunzwa kuti hatina kukosha, hationekwi, tiri toga, kana kuti takakanganyikwa. Asi nguva dzose yeuka—unokosha Kwavari! Kana ukange usisina chokwadi nazvo, funga misimbotti mitsvene mina iyi:

Wokutanga, Mwari vanoda avo vanozvinipisa uye vakapfava, nokuti “vakurusa muvushewokudenga.”¹⁷

Wechipiri, Ishe Vanovimba “kuti kuzara kwevhangeri [Ravo] [ku]shambadzwe nevasinasimba nevanhuwo zvavo, kusvika kumagumo enyika.”¹⁸ Vakasarudza “zvisinasimba zveumunyika [kuti] zvichauya zvigotyora vemasimba uye nevakasimba”¹⁹ uye kunyadzisa “izvo zvinesimba.”²⁰

Wechitatu, zvisinei nokwaunogara, zvisinei nokuti mamiriro ezvinhu ako akaderera zvakadii, kuderera kwebasa rako, kushomeka kwekwaniso yako, kusashamisa kwechimiro chako, kana kuti kudupuka kwedaidzo yako muChechi kunoratidzika sei kwauri, hausi usingaonekwi naBaba vako Vokudenga. Vanokuda. Vanoziva mwoyo wako wakaninipa uye zviito zvako zverudo nomwoyo chena. Pamwechete, zvinoumba uchapupu husingaperi hwekuvimbika kwako norutendo rwako.

Wechina nowokupedzisira, ndapota nzwisisa kuti zvaunoona nezvinoitika kwauri iyezvino hazvisivo zvinezenge zvakaita kusingaperi. Hauonzwi rusurikirwo, rusuwo, marwadzo, kana kuodzwa mwoyo zvisina mugumo. Tine vimbiso yakatendeka yaMwari yokuti haVazokanganwi kana kusiya avo vanorererera hana dzavo kwaVari.²¹ Iva netariro nekutenda muvimbiso iyoyo. Dzidza kuda Baba vako Vokudenga uye iva mudzidzi Wavo mushoko nemuchiito.

Iva wakavimbiswa kuti kana chete ukabatirira, ukatenda maVari, uye ukaramba wakatendeka

mukuchengeta mirairo, nerimwe zuva uchazowana iwe pachako vimbiso dzakazarurwa kuMuapostora Pauro: “Izvo zvisina kuvonekwa neziso, kana kunzwika nenzeve, nezvisina kupinda mumwoyo womunhu, ndizvo Mwari zvaVakagadzirira vanoVada.”²²

Mabhuratha nemasisita, Munhu anesimba rinokunda vose pasi nekudenga ndiBaba vomweya wako. Vanokuziva. Vanokuda nerudo rwakarurama.

Mwari Vanokuona kwete chete semunhu anofa ari pakanyika kadiki uyo anorarama kwenguva shomanana—Vanokuona semwana Wavo. Vanokuona somunhu ane kwaniso yokuva zvawakagadzirirwa kuva.

Vanoda kuti uzive kuti unokosha kwaVari.

Ngatigarei nguva dzose tichitenda, tichivimba, uye tichiruramisa upe-nyu hwedu kuitira kuti tizonzwisisa kodzero nekwaniso yechokwadi yedu yokusingaperi. Ngativei vakakodzera maropafadzo akakosha ayo Baba vedu Vokudenga avakatichengetera ndiwo munamato wangu nemuzita reMwanakomana Wavo, kunyangwe Jesu Kristu, ameni.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Mosesi 1:2
2. Mosesi 1:10
3. Moses 1:33
4. Ona Andrew Craig, “Astronomers Count the Stars,” BBC News, Chikunguru 22,

2003, <http://news.bbc.co.uk/2/hi/science/nature/3085885.stm>.

5. Mosesi 7:30
6. Mosaya 4:11
7. Dzidziso neZvibvumirano 18:10
8. Ona Mosesi 1:38–39
9. William Knox, “Mortality,” muJames Dalton Morrison, ed., *Masterpieces of Religious Verse* (1948), 397.
10. Dzidziso neZvibvumirano 121:7
11. 3 Nifai 11:38
12. Mosaya 3:19
13. Ruka 18:14; onawo ndima 9–13.
14. Mosaya 2:17.
15. Dieter F. Uchtdorf akatora nhamba yokutanga mukirasi make paakagirajuweta.
16. Ona Mabasa Avaapostora 10:38.
17. Mateo 18:4; onawo ndima 1–3.
18. Dzidziso neZvibvumirano 1:23.
19. Dzidziso neZvibvumirano
20. 1 Vakorinte 1:27
21. Ona VaHeberu 13:5
22. 1 Vakorinte 2:9